ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№88 (23.496) ● 2017 гъэм накъыгъэм (майм) и 17, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Iуащхьэмахуэ лъапэ

ЦIыху куэд щопэкIу

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ щIыналъэм и пресс-Iуэхущапэм и унафэщI Тарим Алисэ хъыбар къыдэкIыгъэ щIэщIамкIэ, гъатхэм и «гуащIэгъуэ» мы махуэхэми бахъсэн и псыхъуащхьэхэм куэду уащрохьэлIэ лыжэрэ сноубордхэмкIэ къэжьыхьныр зи щIасэхэм.

АЗАУ хуейм икIыу бгыжьым дзэшышэ кIапсэ гъуэгу псори мэлажьэ. «Iуащхьэмахуэ курорт» АО-м и лэжьакIуэхэм «Мир - Кругозор», «Гарабаши - Мир» лыжэ къежэжьипIэхэр зыхуэй хуагъаазэ, лъагъуэхэр ягъэкъабзэ, кьеГъэлакIуэхэри бэлэ-ригъэырыкъым.

КьыхэгъэщIипхъщ, мы зэманым курортым сыт и лъэныкъуэкIи зэрызиужьым кьыхэкIыу, Iуащхьэмахуэ лъапэ гъэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэми зыщIызыгъэпсэхуэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыхъур. Альпинистхэр бгым нэхъ щыдэкI гъэмахуэр къэблэгъами, метр 3847-м ищхьэкIэ щыIэ джабэ нэкIуэм, зэрыхуагъэфащэмкIэ, лыжэхэмрэ сноубордхэмкIэ къыщажьхьын щIэх щагъэтынукъым. Спортым и щIымахуэ лIэужьыгъуэхэм дихьэххэр мы махуэхэми Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуэныр и фIыгъэщ бгы уардэм и Iэшэлъашэм щIэх-щIэхыу икIи Iуву уэс къызэрыщесым. А щIыпIэм туристхэр тыншу негъэс Европэ псом щынэхъ лъагэ дыдэ кIапсэ гъэугум.

Iуащхьэмахуэ лъапэ и хьэщIэщхэми цIыху куэд щопэкIу. Абы зыщIызыгъэпсэхуэхэм мымащIэу яхэтщ ди къэралым и щIыхьэр Мэзкуу и мызакъуэу, ди гъунэгъу щIыналъэхэми къикIахэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Iуащхьэмахуэ папщIэ Iэ дывгъэIэт!

Дызэрыт мазэм и кIэухым къащыштэжынущ спорт индустриемкIэ зэпеуэ нэхъ хьэлэмэт дыдэхэм ящыщ зым кърикIуаэр. «Спорт индустриемкIэ щапашэхэр» саугъэтыр къэхьыным теухуа конкурсыр гъатхэпэм къызэIуахащ икIи абы хэтыну къратыгъэблагъэуэ щытащ Урысейм и щIыналъэ псори. Мы IэIэтым дэтхэнэ зы цIыхуми къыщыхилъхьэ хъунут саугъэтыр зыхуэфащэу къыльытэ кандидатыр.

«УРЫСЕЙМ и бгы-лыжэ курорт нэхъыфI» номинацэмкIэ а конкурсым япэ увыпIитхур къыщызыхьахэм яхэхуащ Iуащхьэмахуэ курортыр. Ар икIи тэмэмщ, сыту жыпIэмэ, ди деж куэдрэ щрагъэкIуэкI Урысейм бгы-лыжэ спортымкIэ и зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэхэр. 2016 гъэр кьапщтэмэ, къэралым бгы-лыжэ спортымрэ фристайлымкIэ и командэ къыхэхахэм гъэмахуэм зыщагъэсар ди курортырщ. Iуащхьэмахуэ лъапэ апхуэдэу Урысеймэ и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэми нэгъуэщI къэралхэми къикIыуэ цIыху куэд зыгъэпсэхуакIуэ къокIу. Конкурсым хиубыдэу ди курортым папщIэ псомИ Iэ дывгъэIэт!

Курорт нэхъыфIым папщIэ Iэ Iэтыныр накъыгъэм и 30-м сыхьэт 12-м еух. Зэпеуэм хэт кандидатхэр зэрыдаIыгъыр зэпымыууэ къащагъэлъэгъуэнущ **http://wintercongress.ru** официальнэ сайтым.

ШЫРЫТ Аидэ.

● ХъыбарегъащIэ

«Адыгэ хэкум» фрагъэблагъ

Адыгэ лъэпкъым и фэеплъ махуэм ГъукIэпщокъуэ Щауэмир и «Адыгэ хэку» анимацэ спектаклым еплъыну хуей псори къыдогъэблагъэ. Ар теухуащ 1763 - 1864 гъэхэм екIуэкIа гуэзвэгъуэм.

Зэхьихьэр накъыгъэм и 21-м КъБР-м и Лъэпкъ музейм (Налшык къалэ, Горькэм и уэрам, 62) деж къащыщIэуахьынущ. Спектаклыр музейм и унэм и блым кIэридзэу ягъэлъэгъуэнущ. Уэлбанэ хъумэ, зэхьихьэр музейм и унэм щекIуэкIынущ.

КъБР-м лъынтхуэ хирургиемкIэ и Iэнатlэр илъэс 20 ирокъу

Накъыгъэм и 18-м Налшык къалэ щекIуэкIынущ госпитальнэ хирургиемкIэ кафедрэр илъэс 50, абы и унафэщI, республикэм лъынтхуэ хирургиемкIэ и Iэнатlэм и къызэгъэпэщакIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор АслъэнАхьмэд и ныбжьыр илъэс 50, лъынтхуэ хирургиемкIэ къудамэр илъэс 20 зэрыри-къым хуэгъэпса щIэныгъэ-практикэ конференц.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтынущ Склифосовскэм и цIэр зезыхьэ, Дзэпыкъуэгъуэ псынщIэжкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ-лъабакIуэ нэхъыщхьэ, профессор Леменев Владимир, КъБР-м лъынтхуэ хирургиемкIэ и Iэнатlэм и Iэщlагъэлlэхэр.

Конференцыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Дзэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, республикэм и хирургхэм я зэгухьэныгъэм.

ЗэIущIэр КъБКъУ-м щекIуэкIынущ. Абы щIидзэнущ сыхьэти 9-м.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Iуащхьэмахуэ лъапэ

Жэуап пыухыкIа игъуэтакъым

УФ-м и Президент Путин Владимир нэгъуэщI къэрал журналистхэм нэхъ щIэх-щIэхыуэр къратхэм ящыщщ и кандидатурэр кьыкIэлъыкIуэ президент хэхыныгъэхэм къыщигъэлъагъуэным е къыщимыгъэлъагъуэным теухуа упщIэр.

Китаймэ и къалащхьэ Пекин иджыблагъэ щызэхэта экономикэ зэхуэсышхуэм и ужькIэ екIуэкIа пресс-конференцми абыкIэ Путиным зыкъыхуамыгъазэу къагъэнакъым. Аргуэруи абы жэуап пыухыкIа игъуэтакъым, а Iуэхум утепсэлъыхьыну иджыри зэрыпасэр кьыхиигъэщэ мыхьумэ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, зи чэзу президент хэхыныгъэхэр Урысейм щыщекIуэкIынур 2018 гъэм гъатхэпэм и 11-рщ. 2017 гъэм и дыгъэгъазэм щIедзэ абы пыщIа кампанием. Конституцым зэритымкIэ, Путин Владимир хуитщ а хэхыныгъэхэмкI и кандидатурэр къыщигъэлъагъуэу, къэралым и Iэтащхьэм и кулыкъым щIэбэныну.

Зэи къэмыхъуауэ

Илъэс щибл хъуауэ лажьэ Оксфорд университетым и тхыдэм щыпэру абы и къудамэ нэгъуэщI къэралым къыщызэIуахыну я мурадщ.

Инджылызым и Оксфорд кьалэм дэт университетым, дунейм щынэхъыжь дыдэхэм хабжэм, и унафэщIхэм Франджым и лIыкIуэхэр епсэлъауэ, а еджапIэ нэхъыщхьэм и къудамэ я къэралым кьыщызэIуахыну загъэхьэзыр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Франджымрэ Инджылызымрэ къагъэлъэгъуэну зыхуейр щIэныгъэм и зыужьыныгъэм сыт хуэдэ политикэ щытыкIэри зэран зэрыхуэмыхъуфынурщ, жаIащ а жэрдэмыр кьыхэзылъхьахэм.

КьимыдэкIэ, Оксфорд университетым цIыхухэм ягу кьигъэкIыжыну хуейщ абы дунейпсо еджапIэ нэхъыщхьэм и статус зэриIэри. Иджыпсту университетым студент мин тIощIым нэблагъэ щIэсщи, абыхэм я Iыхьэ плIанэр нэгъуэщI къэралхэм щыщщ. Я егъэджакIуэхэм хуэдизи зиIи гъуэтыгъуейщ - миниплIым ноблагъэ.

Мыри къыхэзгъэщыпхъэщ: илъэс кIуам ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуэмкIэ, Оксфорд университетым Инджылызым 2-нэ увыпIэр, дунейм 6-нэ увыпIэр къыщихьащ.

НОБЭ

♦**Электросвязымрэ хъыбарегъащIэ зэгухьэныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ.** 1865 гъэм зэрагъэпэщащ Электросвязым и дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦**Гу узыфэхэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Норвегие пащтыхыгъуэм и лъэпкъ махуэхуэщ - я Конституцэм и махуэщ**

♦**Аргентинэм и Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**

♦**1727 гъэм** Урысейм и пащтыхь тахьтэр къыпIысащ илъэс 11 фIэкIа мыхъуа Пётр ЕтIуанэм, Пётр Езанэм и къуэрылъхум.

♦**1801 гъэм** Санкт-Петербург къыщызэIуахащ дзэзешэ цIэрыIуэ Суворов Александр и фэеплъ.

♦**1916 гъэм** Инджылызыр дунейм щыяпэу гъэмахуэ зэманым техьауэ щытащ.

♦**1928 гъэм** Нидерландэм я кьалащхьэ Амстердам къыщызэIуахащ IX гъэмахуэ Олимп джэгухэр. Ахэр екIуэкIащ накъыгъэм и 17 - щыщкьэуIум и 12-хэм кьриубыдэу.

♦**1944 гъэм** Кьрым АССР-р щымыIэж ящIащ. Кьрымым щыпсэу тэтэр мин 200-м нэс щалъхуа щыпIэхэм ирашри, Курыт Азием, Урал ЩIыбым, Поволжье Ипщэм ягъэIэпхуауэ щытащ.

♦Адыгеим щыпсэуа тхыдэдж, узэщIакIуэ **Хьэджымыкъуэ Темчэ** къызэралъхурэ илъэси 169-рэ ирокъу.

♦Дуней псом щыщIэрыIуэ франджыл актёр **Габен Жан** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм и щIыхьэ артистхэ **ДыщэкI КIунэ** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Урысей политик, «Демократием и телъхьэ Урысей» зэщIэхъеенигъэм и пашэу щыта **Старовойтовэ Галинэ** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткIи, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэзх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Япэ джэлам ущIэмынакIэ.

Ди къуэш республикэхэм

ООН-м и лIыкIуэм хуозэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Хаджимбэ Рауль дыгъуасэ хуэзащ ООН-м зыужьыныгъэмкIэ и программэм зэпымыууэ и лIыкIуэ Скотт Нилс.***

ПРЕЗИДЕНТЫМ жиIащ нэхъ зыгъэпIейтей Iэхэхуэм ятеуэхуэу ООН-м дэлажьэну республикэр зэрыхьэзырыр. «Сыщогугъ зыхуэдгъэувыж кажьэнхэр кьагурыIуэну икIи сыддалыгъыну. Сыхуейт абхъаз лъэныкъуэм и сэбэп зыхэлъхэр а Iэхуэхэр зэфIэхыным хэтхэм кьагурыIуэну», - къыхигъэщащ Хаджимбэ Рауль.

«ИпэIэгъэ дапщэрэ дызэIумыщIами, сыт щыгъуи Iэмал диIащ Абхъазым ООН-р зэрыщылажьэнум, ар республикэм щыпсэухэм кьаззрыдэIэпыкъуфынум дытепсэлъыхьыну. И гугъу тщIащ ООН-м Абхъазым щригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, псалъэм папщIэ, егъэджэныгъэ, мэкъумэш Iэнатlэхэм зэтеуэхуауэ», - жиIащ Скотт Нилс.

Унафэ щхьэпэ

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ зыхуей щыхуагъэзэнущ «Зэкъуэтыныгъэрэ Зэгурыlуэныгъэрэ» фэеплъым и Iэхэлъахэр.***

ЛЕСНОЙ уэрамым и псыуфэ лъэныкъуэмрэ мы фэеплъым иубыд щIыпIэмрэ мы гъэм зэпэщ ящIынущ «Иджырей кьалэ зэпэщ» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ. Апхуэдэ унафэ кьиштащ кьалэ администрацэм, «Урысейпсо цIыхубэ фронтым», ЖКХ-м пыщIа жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ центрым я щIыналъэ къудамэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт жылагъуэ комиссэм.

Я зэпыщIэныгъэм зрагъэубгъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Уэз Аслъэн хуэзащ Дагъыстэм Республикэм и лIыкIуэ Магомедов Магомед. Ахэр тепсэлъыхьащ щIыналъэм и экономикэ, социальнэ, щэнхабэ, спорт зэпыщIэныгъэ-зэдэлажьэныгъэм нэхъри зрагъэубгъуным.**

МАГОМЕДОВ Магомед жиIащ ЗэгурыlуэныгъэщIэм, пыухыкIауэ зэдалажьнур къыщыгъэлъэгъуам, Iэ щIадзыну зэрыхуейр.

Уэз Аслъэн КъШР-м Экономикэмкlэ и министерствэм кьалэн щищIащ республикитIыр зэдэлажьэныкIэ Iэмалу щыIэр кьыхалъытэу яубыхуну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Ди газетым Iэ щIэвдзыну иджыри Iэмал фиIэщ.

Накъыгъэм и 25 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфIэрыхьэнущ мэкъуауэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Зы маздэм ди газетым и уасэр соми 109-рэ кIэнпейкIэ 33-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Бахъсэн щIыналъэ

ЗэхъуэкIыныгъэхэр ирагъэкIуэкI

«Урысей Ипщэ» къэрал программэм хиубыдэу, Бахъсэн и псыгъэкъэбзапIэр щIэуэ зэтраухуэнущ.

IУЭХУЩIАПIЭМ зы жэщ-махуэм хуэзэу псы кубометр мин 14-м нэс щагъэкъэбзэнущ. Кьапщтэмэ, псы зэрыкIуэ полипропилен бжьамийуэ километри 10 щIалъхьащ, илъэс 15-кIэ кьахуэгъэсэбэпынущ. КьишынэмыщIауэ, Iэхуащlапlэм и унэхэр кьаня щымыIэу зыхуей хуагъэзащ, котельнэщIэ яухуащ.

«Станцыр псы кьагъэсэбэпар гъэкъэбзэным лъэныкъуитхукIэ гуэшауэ елэжьынущ. Хлорым и пIэкIэ кьагъэсэбэпынущ куэдкIэ нэхъ еэзгъыбрабгъуу икIи шыналгъэншу кьалытэ электролизхэр», - жиIащ кьалэм и «Водоканал» Iэхуащlапlэм и къудамэм и унафэщI Щомахуэ Хьэмидбий.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Вольфрамымрэ молибденымрэ къыщIэхыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтегъэуэвжыным «КРСК» акционер зэгухьэныгъэри елэжьынущ

Вольфрамымрэ молибденымрэ я Тырныауз къыщIэхыпIэр зэтегъэуэвжыныкIэ рудам елэжьынымкIэ стратегие мыхьэнэ зиIэ проектыр гъэзэщIэным «Ростех» къэрал компаниемрэ «Вольфрам» компание» акционер зэгухьэныгъэмрэ кьадэкIуэу «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэри къыхохьэ.

ПРОЕКТЫМ и финанс-экономикэ Iыхьэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, абы сом мелард 20 хуэдиз текIуэдэну кьабжащ. Тырныауз къыщIэхыпIэр зэтрагъэуэвжэрэ вольфрам-молибден рудар къыIэрыхьэу хуежьэжмэ, абы Iэмал кьитынущ УФ-м зыхъумэжьныгъэм пыщIа и промышленнэ комплексыр зыхуэныкъуэ а металл лъапIэхэмкIэ нэгъэсауэ зыкъэзрагъэпэщын папщIэ. Проектым ипкъ иткIэ лэжьапIэ Iэнатlэщlэу миным щIигъу къызэIуахынущ, апхуэдэу республикэ бюджетым налог ахъшэу къыIэрыхьэр нэрылъагъуу нэхъыбэ хъунущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м кьыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ кьищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ щIи**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкIауэ хэтхэм я Iэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м кьыдигъэкIа Указ №241-УГ-мкIэ кьищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэгъэхъэн Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпсым и хьэгъуэфыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр;

б) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыхэгъэкIыжьын Биттиев Хь. Р.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щIыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 2-м
№66-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхумкlэ щIыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м кьыдигъэкIа Указ №49-УГ-мкIэ кьищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхумкlэ щIыIэ советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхумкlэ щIыIэ советым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м кьыдигъэкIа Указ №49-УГ-мкIэ кьищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхъэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъуэр

Бэлэтокъуэ Владимир Хьэмац и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэр

Къэжэр Заур Хьэсет и къуэр - «Налшык-Самарэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Iуащхьэн Тимур Хьусен и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылькумрэ щIымрэ я Iэхуэхэмкlэ и министр

Чочаев Ахьмэт Мысхьуд и къуэр - «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкlэ и унафэщlыр *(зэгурыIуауэ)*

Эндреев Борис Iэбубэчыр и къуэр - «Налшык» ООО банкым и правленэм и тхьэмадэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и банкхэмрэ страховщикэмрэ я ассоциацэм и президентыр *(зэгурыIуауэ)*

б) Советым и тхьэмадэм и къуэдзэм и къалэнхэр игъэззэщIэну и пщэ дэлъхьэн **Шыбзыхъуэ М. Б.** - «Денеб» фирмэм - жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и оп хьэрычэтыщIэхэм я ассоциацэм и тхьэмадэм;

в) **Бэждыгу Т. А.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдизу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къэрал программэхэмкIэ и департаментым и унафэщlыр (Советым и секретарщ)»;

г) **Бекъалды Хь. Хь.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдизу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*»;

д) **Къэрмокъуэ Хь. М.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдизу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм инвестицэ политикэмрэ инновацэхэмрэ пхырэкIыныкIэ и лIыкIуэ хэхар (Советым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)»;

е) Советым къыхэгъэкIыжьын Дадэ М. А., Ерыстау Л. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щIыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм накъыгъэм и 2-м
№67-УГ

Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщщ си адэ Унэж Хьэждаут Мэрем и къуэр. Ар 18-нэ десантыдзэм и хьыдысыдзэм хэту Новороссийск деж щызэуащ. «Малая Земля» жьыуаІэ щІыгур километр зэбгъуэзэнатІэ 30 хъуэу аращ, ауэ мыхьэнэшхуэ иІэти, совет зауэлІ мин 12 - 15-м махуэ 225-кІэ ар яІыгъащ, бийр кърамыгъэкІуалІэу. НэгъуэщІу хъунутэкъым: Тамамырэ Кърымымрэ хуит къащІыжын щхьэкІэ, Новороссийск яІыгъын хуейт.

МИС а лыгъэм хэтащ си адэр, къызэрыгуэкІ сэлэту. КъыфхуэсІуэтэжьиу зыбарыр абы къыщІэжкІэжар дунейм ехьжьиным мазэ зыбжанэ фІэкІа имыІэжущ.

Си тхыгъэм еджэхэм емыкІу къысхуэмышІыну сыщогугъ си адэр зэрыхэсІэтыкІым щхьэкІэ, ауэ зы къуи щыІэу къыщІэкІынкъым и адэм зэрихьа лІыгъэм иримыпагэу. Хьэждаут зыщІыхуахэр щыхьэт техъуэфыщІу си псалъэхэм, ар щыхьэ гъащІэуэну, хьэлэлу зэрыщІатам.

Ди адэм жиІэжьырт 1943 гъэм Новороссийск деж зэхэуэ гуащІэ зэрыщекІуэкІар. «Стратегическэ мыхьэнэшхуэ зиІэ щыщІэр фашистхэм яубыдын папщІэ ямыщІэ щыІэтэкъым, ауэ ди сэлэтхэм залыгът. Зэхэуэр жэщи махуи увыІэртэкъым. Жэщым Новороссийск къыщыхъур зрагъэщІэн папщІэ, нэмыцхэм кхъухьлъатэкІэ кърадзыхырт зэрагъэнэху ракетэхэр (фонархэр). Прожекторыщхуэри кхаблэрти, щІыпІэр нэхут, сыт къэхъуми пльагъуу. Лагъымхэр дэнэкІи къыщІыуэрт. Апхуэдэхэм дежщ цыхур зыхуэдэр наІуэ къыщыхъуэр. Псом нэхърэ нэхъ хахуэу, сытым джи къыбдэІэпыкъуну хьэзыру къытхэтащ Сыбырым къикІахэр. А зауэм си къыщызгурыІуэращи, къалэхэр, хуажжэхэр, танкхэр, кхъухьлъатэхэр щІым щыщ пхузщІынущ, цІыхУм и псэр хэпхыфынущ, ауэ и хэкум хуиІэ лъагъунитІэр, лІыгъэр къытепхыфынукъым. Дэ, совет цІыхухэм, зы хъуэпсапІэт диІэр - ди зэхуэдэ жьэгур хъумэжьныгьэт. Абы къыхэкІыу, зыщыщ лъэпкъкІэ, иІыгъ динкІэ цІыхухэр зэхэдзэзыртэкъым. Дызэкъуэтт, псоми ди зэхуэдэ Хэкум дихьумакІуэт.

Сэлэтым и лІыгъэр, къарур щыбгъэунэхур Іэпщэрыбанэм щыгъуэт. Апхуэдэхэм деж фоч е кІэрахъуэ хьапщэт хъунутэкъым, хабзэтэкъым. Нэмыцхэм дыщебэн къытхуихуэрти, дауи, нэхъ лъэщрат къелыр.

Снайперу сыщытат. Куэдым я гугъэщ зауэм снайперу ущыІэным пщІэ хэлъу, тынщу: зыгъэпщкІуи, цІыхУм ещанкІуэ. Іуэхум зы-псом нэхърэ нэхъ хахуэу, сытым джи къыбдэІэпыкъуну хьэзыру къытхэтащ Сыбырым къикІахэр. А зауэм си къыщызгурыІуэращи, къалэхэр, хуажжэхэр, танкхэр, кхъухьлъатэхэр щІым щыщ пхузщІынущ, цІыхУм и псэр хэпхыфынущ, ауэ и хэкум хуиІэ лъагъунитІэр, лІыгъэр къытепхыфынукъым. Дэ, совет цІыхухэм, зы хъуэпсапІэт диІэр - ди зэхуэдэ жьэгур хъумэжьныгьэт. Абы къыхэкІыу, зыщыщ лъэпкъкІэ, иІыгъ динкІэ цІыхухэр зэхэдзэзыртэкъым. Дызэкъуэтт, псоми ди зэхуэдэ Хэкум дихьумакІуэт.

Сэлэтым и лІыгъэр, къарур щыбгъэунэхур Іэпщэрыбанэм щыгъуэт. Апхуэдэхэм деж фоч е кІэрахъуэ хьапщэт хъунутэкъым, хабзэтэкъым. Нэмыцхэм дыщебэн къытхуихуэрти, дауи, нэхъ лъэщрат къелыр.

Снайперу сыщытат. Куэдым я гугъэщ зауэм снайперу ущыІэным пщІэ хэлъу, тынщу: зыгъэпщкІуи, цІыхУм ещанкІуэ. Іуэхум зы-псом хэзыщыщыкІращ апхуэдэу жьэзыІэнур. Псом ящрауэ, зэпІэзэрыту, набдзэгубдзапІэу щытыпхъэщ. ЕтІуанэрауэ, ущызэуэщІыпІэр щІэх-щІэхыурэ уагъэхъуэж, зыгуэрым ущещакІуэкІи жэщ-махуэкІэ зумыгъэхъэйуэ ущыщыеи щыІэщ. Абы къыщыхъуэрт ущІэ уэрэ зыгуэр къощІуэкІынкІэ зэрыхъунур.

Зы махуэрэ зы жэщкІэ сыпэплъэу сыщысауэ, нэхъущым деж гу лъыстащ нэмыцэ сэлэтыр и зыгъэпщкІуплэм къикІауэ, псыхьэкІуэуэ. Сэ абы щытезгъапсэм, нэрыплъэмкІэ къэслъэгъуащ сэлэтыр зэрыщІалъэ дыдэр. Армэм ираджагъащІэу арагъэнут. Абдеж си къуажжьыр си нэгу къыщІэуващ - си ныбжьэгъуэхэр, ди щІалэгъуалэ бжьыфІэр, си бынхэр. Василий, Сыбырым щыщ снайперыр, спэмыжьыжьэу щысти, «сэ сеуэнщ» жьыхуэсІэу, тэрмэшкІэ зыкъезгъэщІащ. Нэмыщэ сэлэтым щхьэщыщгъэуКІащ, жыг къудамэ къэпыхури, щІалэм и пащхьэ къижащ. Сэлэтыр щтащ, котелокыр хьифІидзэри, пабжьэм зыхидзэжащ. СхуэуІакІэым. Си псэм идакъым, абы и пІэкІэ абдеж си бын щыту къызыщыщзэхъури.

ИужькІэ Василий жиІат езыми апхуэдэ дыдэу зэрищІэнур, а щхэр дэ тІум дэ зэхуэку зэрыдэмыкІынур. Пэжщ, бзэгу ихьыжу си унафэ иригъэщІыну хуитт ар.

Махуэ зыбжанэ дэкІри, щІыпІэр дагъэхъуэжащ, Іэщэрэ дызэдзэкъэнкІэ дызэщІаугъэздри, «щэкІуэным» пытщэжащ. Сыхьэтипщ ІкІэ сыхэсат пабжьэм. ЩІыпІэр псыпщІэт, щІыІэм сисат зысхуэмыгъэхьеижу. Арати, зысхуэмышІыжу тутын пызгъэнащ. Асыхьэту си лъэныкъуэкІэ зыгуэр къэуащ, ауэ занщІэу узыр зыхэсщІакъым, тэлай дэкІри, гу лъыстаеуэ аращ - си лъакъуэм шэр пхыкІауэ лъы кьижьрт. ИужькІэ къызгурыІуащ - нэмыщэ снайперым си лІапІэм кьытримигъэпсауэ арат. Махуэ зыбжанэ ипэ сэ зэрысщІам хуэдэу, зыгуэрым фІэгуэныхь сыхъуагъэнут. Си лъакъуэр псынщІэу спхэщ, зызущэхури, си ныбжьэгъуэхр ещІыкІэлъыкІуэху зызмыгъэхъейуэ сыщыІащ. Абы нэхъ махуэ кІыхь си гъащІэм хэтакъым! Сыхьэт 36-кІэ сыщылъащ апхуэдэу. ЕтІуанэ пщыхьэщхьэм сэлэтитІ къыскІэлъэгъэкІуащ, зыр Василий. ИужькІэ абы зыкъиумысыжат псэуу сыкъагъэутыжыну ямыгугъэххэу, си хьэдэм къызэрыкІэлъыкІуар».

АБы ИУЖЬКІЭ си адэр мазихкІэ сымаджэщым щІэлъащ. И узынщагъэм сэкъат игъэтати, къаутІыпщыжащ. Сэлэт къызэрыгуэкІэхэм мис апхуэдэу гущІэгъу щызэхуащІащ зауэм къыщыхьащ.

Зыгуэрым къихьумэ хуэдэт си адэр: и сабиигъуэм фэрэкІми хуабэуэми кьелат, зауэм псэууэ къикІыжат. Си анэ ШэмсэтрэсІ си адэ Хьэждаутрэ зэныбжьат - тІури илъэс 92-м иту дунейм ехьжащ. Ди адэр фІымрэ захуагъэмрэ и телъхьэу псэуащ, сыткІи щапхъэ тесхыу и жьауэ сыщІэтащ сэри.

УНЭЖ Кашиф,
КъБКъУ-м и профессор.

Унэж Хьэждаут

Щамым къикІыжу Хэкужьым къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъуэхэм я нэхъыжь дыдэ Уэтей ФуІэд иджыблагъэ дунейм ехьжащ.

АР И ЛЪЭПКЪЫМ гурэ псэкІэ хуэпэжу къэгъуэгурыкІуащ. Франджы армэм и адыгэ шуудзэм хэт щІалэхэм Іэфы-кІэкІэ ягъафІэу щытауэ жиІэжьырт ФуІэд. Абы щыгъуэ щІалэ цІыкІум мурад ищІат дзэм къулыкъу щищІэну. ЗэрыщІэхъуэпсу щытам хуэдэу, Уэтейм щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтри, Щамым и дзэм къулыкъу щищІащ, абы къыдэкІуэу Сирием щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм жьыджэру хэлэжьыхьащ - зэІущІэхэр зэрыгъэпэщыт, и лъэпкъ тхыдэм, хьэжрэтым теухуа тхыльхэр зэхуихьасырт.

И адэ хуэфэщэну къуищ иІэт ФуІэдИ, лІыгъэ зэгъэльагъуэу хэтащ Абхъазым къыщыхъеи зауэм. ФуІэд, и тхыльхэр хуэзэмыгъэхьуурэ, зэман куэдкІэ и къуэхэр имыльагъуу псэуащ. ИкІэм-икІэжьым Уэтейм хэкум кьиІэзэжщ, Благовещенскэ уна-гъьапсэ къыщыхуащхэри, унагъуэ насыпифІэу тІысыжащ.

И къуэрылъхуэху Хьэзэмрэ Хьэбибрэ ФуІэд и нэ-и псэу, адыгэбзэмрэ хабзэмрэ ягирэгъэщІэным, къызыхэкІа лъэпкъым хуэфэщэн гъэсэныгъэ зэрахилъхьэным яужь итащ. Хьэзэм шыкІэпшынэ йоуэ, адыгэ уэрэдыкъэр жеІэ, махуэшхуэхэм деж цейр щыгъуу цІыхум яхохьэ, «Ныбжьэгъугъэм и вагъуэбэ» дунейпсо музыкэ-къафэ зэпеуэм дыщэ медалыр къыщихьащ.

ФуІэд цІыхухэм пщІэшхуэ къыхуащІу щытащ. Абы кьечэнджэщыну, дэуэршэрыну куэд къыхуэкІуэрт, щІэныгъэлІхэр, журналистхэр, студентхэр зэпымычу я унэ кихьэрт хьыбарыжь кърагъэІуэтэжыну, тхыдэм трагъэпсэлъыхьыну. Абы техуауэ нэтын Сэралъп Самарэ игъэхъэзыраУэ накъыгъэм и 21-м къатынущи, ар Уэтейм и фэеплъ хьуа пэлытэтщ.

Ди нэхъыжьыфІыр Къэрэгъэзэ щыщІалъхьэжащ. Прохладнэ щыналъэм и Іимам Нэгъуей Хьэсэнбий а дауэдапщэр зэрызэфІигъэкІам папщІэ фІыщІэ худощ.

«Жьэгу» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм къабгъэдэкІыу.

Іэщхэм якІэлъоплъ

АПК

Иужьрей зэманым щІэх-щІэхыурэ зэІуощІэ КъБР-м ветеринариемкІэ и Управленэм и Іэщагъэлъэхэмрэ фермер хозяйствэхэм я унафэщІхэмрэ.

ЗИ ЧЭЗУ зэІущІэм ахэр щытепсэлъыхьащ Іащышхуэхэм щІэуэ къахьыхь вирус узыфэжэм уаэзэрыпэщІэтыну Іэмалхэм.

Ветеринарнэ медицинэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и дохутырхэм я къэпщытэныгъэхэм якІэзэрыхэщамкІэ, нобэ нэхъ зызыуБгъуа икІи нэхъ гъэхъужыгъуей уз зэрыцІалэхэм ящыщщ нодулярнэ дерматитыр. Мыр КъуэкІыпІэ Гъунэгъум къикІащ икІи нэхъыбэу зэбгырызыхыр аргъуейкэрщ.

Дохутырхэм Іащ гъэхъуным зезытахэм гурагъэІуащ Іащхэм яІэ щытыкІэр къэзыгъэльагъуэ дэфтэрхэр псоми яІэн зэрыхуейр.

Мэкъумэш ІэнатІэхэм я мызакъуэу, Іащ зезыхуэ унагъуэхэри сакъыпхъэщи, мыбыхэми центрыр ядэІэпыкъуну хьэзырщ.

Накъыгъэ мазэм Іащ дохутырхэм бэлэрыгъыпІэ яІэкъым. Сыту жьыпІэмэ, мэкъауэгъуэм щыщІэдзауэ Іащыр республикэм и гъэмахуэ хъунІэхэм дэшын щІадзэнущ. Абы ирихьэлІэу Іащ хьэс мастэ халъхьауэ, ар зэрыузышІэмкІэ дэфтэрхэр кратыжауэ щытын хуейщ.

Чэнджащэ дэІэпыкъугъуэ хуей дэтхэнэри екІуалІэ хъунущ. Налшык Головком и цэр зезыхьэ уэрамым и 3-нэ унэм зи Іэхъущ ІэнатІэхэр хэт Ветеринарнэ медицинэмкІэ центрым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Фэеплъ

Уэтей ФуІэд тщыгъупщэнукъым

Щамым къикІыжу Хэкужьым къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъуэхэм я нэхъыжь дыдэ Уэтей ФуІэд иджыблагъэ дунейм ехьжащ.

АР И ЛЪЭПКЪЫМ гурэ псэкІэ хуэпэжу къэгъуэгурыкІуащ. Франджы армэм и адыгэ шуудзэм хэт щІалэхэм Іэфы-кІэкІэ ягъафІэу щытауэ жиІэжьырт ФуІэд. Абы щыгъуэ щІалэ цІыкІум мурад ищІат дзэм къулыкъу щищІэну. ЗэрыщІэхъуэпсу щытам хуэдэу, Уэтейм щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтри, Щамым и дзэм къулыкъу щищІащ, абы къыдэкІуэу Сирием щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм жьыджэру хэлэжьыхьащ - зэІущІэхэр зэрыгъэпэщыт, и лъэпкъ тхыдэм, хьэжрэтым теухуа тхыльхэр зэхуихьасырт.

И адэ хуэфэщэну къуищ иІэт ФуІэдИ, лІыгъэ зэгъэльагъуэу хэтащ Абхъазым къыщыхъеи зауэм. ФуІэд, и тхыльхэр хуэзэмыгъэхьуурэ, зэман куэдкІэ и къуэхэр имыльагъуу псэуащ. ИкІэм-икІэжьым Уэтейм хэкум кьиІэзэжщ, Благовещенскэ уна-гъьапсэ къыщыхуащхэри, унагъуэ насыпифІэу тІысыжащ.

И къуэрылъхуэху Хьэзэмрэ Хьэбибрэ ФуІэд и нэ-и псэу, адыгэбзэмрэ хабзэмрэ ягирэгъэщІэным, къызыхэкІа лъэпкъым хуэфэщэн гъэсэныгъэ зэрахилъхьэным яужь итащ. Хьэзэм шыкІэпшынэ йоуэ, адыгэ уэрэдыкъэр жеІэ, махуэшхуэхэм деж цейр щыгъуу цІыхум яхохьэ, «Ныбжьэгъугъэм и вагъуэбэ» дунейпсо музыкэ-къафэ зэпеуэм дыщэ медалыр къыщихьащ.

ФуІэд цІыхухэм пщІэшхуэ къыхуащІу щытащ. Абы кьечэнджэщыну, дэуэршэрыну куэд къыхуэкІуэрт, щІэныгъэлІхэр, журналистхэр, студентхэр зэпымычу я унэ кихьэрт хьыбарыжь кърагъэІуэтэжыну, тхыдэм трагъэпсэлъыхьыну. Абы техуауэ нэтын Сэралъп Самарэ игъэхъэзыраУэ накъыгъэм и 21-м къатынущи, ар Уэтейм и фэеплъ хьуа пэлытэтщ.

Ди нэхъыжьыфІыр Къэрэгъэзэ щыщІалъхьэжащ. Прохладнэ щыналъэм и Іимам Нэгъуей Хьэсэнбий а дауэдапщэр зэрызэфІигъэкІам папщІэ фІыщІэ худощ.

«Жьэгу» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм къабгъэдэкІыу.

СцІыхуу щымытами, срогушхуэ

Темрокъуэ Барэсбий

ткІийм кьихужа ди унагъуэри яГуэтыжа хьэлу Іыхьэ хуитым щыгуфІыкІыу зэдэпсэурт. А псом щыхэпІыхьэ, ди адэм и гур хэжагъуэщІ. Ар ящІ, ди гъунэгъуэхэм кьызжалэжауэ аращ. ИтІани, абы ущыхапІыкІам, зауэ нэужь илъэс мыхъумыщІэ-хэм я Іэужь куэдыр иджыри усабийуэ нэтІэ щыпхъэхъуэмрэ дзэ ди псэр а псомкІэ зэщІэшыпсыхьауэ укъотэдж. УмыщІэжри яІуэтэжхэмкІэ ІупщІу уи нэгу кьыщІагъэувдурэ, уи сабиигъуэм и сурэт фаджэри хуэмурэ зэфІоувэ.

Си хьыбарыр зытеухуа ди адэ Темрокъуэ дахэу Хьэпцей жьыдгъуэм щыпсэуащ, цІыхухэм фІыуэ къалэгъуу, ящІэнрэ ялэжьынрэ яГуэту. Ди адэм колхоз губгъуэм лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щилэжьу щытащ, шыгу зэщІэщІам дэсу. Ди анэм зэриІуэтэжьымкІэ, ар лІышхуэт, икІи лІы бжьыфІэт, и щабагъымрэ гуапагъымрэ гъунэ зимыІэт. Унагъуэр сыткІи зыхуей хуигъаззу, и анэ ДисэцІыкІуи, и щхьэгъуэз Гъунизэти (ди анэр), я бынхэу Къэрэжанрэ Шагъирррэ, сэ сраещанэ, къыттеубгъуауэ дызэщІипІэрт. Ди адэ-анэм насыпыфІэ дыдэу забжьыкырт: мохэр я бынрэ я гурыфІыгъуэмэ, ДисэцІыкІу яхуэузынышэрэ и Іуэху Іэщхэр ящІэжу я дэІэпыкъуэгъумэ, яшхын иІэмэ, фэм иралъхьан яГуэтмэ - аратэкъэ а зэманым насып жьыхуІэжри?! МэжэлІам ещІэ ерыскъым лъапІэнэгъуэ иІэр зыхуэдизыр. Абы и хьы-гъьапсэ кьиІуэ. Сэ абы щытезгъапсэм, нэрыплъэмкІэ къэслъэгъуащ сэлэтыр зэрыщІалъэ дыдэр. Армэм ираджагъащІэу арагъэнут. Абдеж си къуажжьыр си нэгу къыщІэуващ - си ныбжьэгъуэхэр, ди щІалэгъуалэ бжьыфІэр, си бынхэр. Василий, Сыбырым щыщ снайперыр, спэмыжьыжьэу щыстИ, «сэ сеуэнщ» жьыхуэсІэу, тэрмэшкІэ зыкъезгъэщІащ. Нэмыщэ сэлэтым щхьэщыщгъэуКІащ, жыг къудамэ къэпыхури, щІалэм и пащхьэ къижащ. Сэлэтыр щтащ, котелокыр хьифІидзэри, пабжьэм зыхидзэжащ. СхуэуІакІэым. Си псэм идакъым, абы и пІэкІэ абдеж си бын щыту къызыщыщзэхъури.

ИужькІэ Василий жиІат езыми апхуэдэ дыдэу зэрищІэнур, а щхэр дэ тІум дэ зэхуэку зэрыдэмыкІынур. Пэжщ, бзэгу ихьыжу си унафэ иригъэщІыну хуитт ар.

Махуэ зыбжанэ дэкІри, щІыпІэр дагъэхъуэжащ, Іэщэрэ дызэдзэкъэнкІэ дызэщІаугъэздри, «щэкІуэным» пытщэжащ. Сыхьэтипщ ІкІэ сыхэсат пабжьэм. ЩІыпІэр псыпщІэт, щІыІэм сисат зысхуэмыгъэхьеижу. Арати, зысхуэмышІыжу тутын пызгъэнащ. Асыхьэту си лъэныкъуэкІэ зыгуэр къэуащ, ауэ занщІэу узыр зыхэсщІакъым, тэлай дэкІри, гу лъыстаеуэ аращ - си лъакъуэм шэр пхыкІауэ лъы кьижьрт. ИужькІэ къызгурыІуащ - нэмыщэ снайперым си лІапІэм кьытримигъэпсауэ арат. Махуэ зыбжанэ ипэ сэ зэрысщІам хуэдэу, зыгуэрым фІэгуэныхь сыхъуагъэнут. Си лъакъуэр псынщІэу спхэщ, зызущэхури, си ныбжьэгъуэхр ещІыкІэлъыкІуэху зызмыгъэхъейуэ сыщыІащ. Абы нэхъ махуэ кІыхь си гъащІэм хэтакъым! Сыхьэт 36-кІэ сыщылъащ апхуэдэу. ЕтІуанэ пщыхьэщхьэм сэлэтитІ къыскІэлъэгъэкІуащ, зыр Василий. ИужькІэ абы зыкъиумысыжат псэуу сыкъагъэутыжыну ямыгугъэххэу, си хьэдэм къызэрыкІэлъыкІуар».

АБы ИУЖЬКІЭ си адэр мазихкІэ сымаджэщым щІэлъащ. И узынщагъэм сэкъат игъэтати, къаутІыпщыжащ. Сэлэт къызэрыгуэкІэхэм мис апхуэдэу гущІэгъу щызэхуащІащ зауэм къыщыхьащ.

Зыгуэрым къихьумэ хуэдэт си адэр: и сабиигъуэм фэрэкІми хуабэуэми кьелат, зауэм псэууэ къикІыжат. Си анэ ШэмсэтрэсІ си адэ Хьэждаутрэ зэныбжьат - тІури илъэс 92-м иту дунейм ехьжащ. Ди адэр фІымрэ захуагъэмрэ и телъхьэу псэуащ, сыткІи щапхъэ тесхыу и жьауэ сыщІэтащ сэри.

УНЭЖ Кашиф,
КъБКъУ-м и профессор.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащтэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Іэ щІидзащ республикэм щыщ, 1987 гъэм къальхуа цІыхухэм хуэгъэзауэ КъБР-м щыІэ МВД-м Следствэмкіэ и кудамэм къызэІуиха уголовнэ Іэхэумкіэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 171.1-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм къащыгъэльэгъуа щІэпхъэджагъэ илэжьауэ (фадэ Іэрыщ1хэр зэригъэхьэрым, зэрихьэумам, зэрищам папщІэ).

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, 2015 гъэм и щэкІуэгъуэм къащыщІэдзауэ нэгъабэ мэлыхьыхьым и 23 пщІондэ сом мин 550-м щІигъу и уасэ, федеральнэ маркэ хэхахэр зыщІымыгъу фадэ Іэрыщ1у литр 1487-рэ хуимыту Дыгулыбгъуэй къуажэм абы щригъэхъуат, сом мин 277-м нэблагъэ и уасэ - литр 748-рэ - ищат.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащта нэужь, щыхэплъэн папщІэ, уголовнэ Іэхэур Бахъсэн щыналъэ судым иратащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къызэрапщытэн и фІыгъэкІэ

КъБР-м и прокуратурэм щызэпкърахащ коррупцэм пэщІэтыныжкІэ хабзэр гъэзэщІэнымрэ прокурор кІэлъыплъынигъэр къызэрэпэщыныжрэ хуэунэтІауэ мы гъэм и ящэ мазищым зэфІагъэкІахэр.

КЪЫЗЭРАГЪЭЛЪЭГЪУАМКІЭ, зи гугъу тщІы зэманым къриубыдэу прокуратурэм и Іэнатіэкэм коррупцэм пыщІа ныкъуэсныгъэу щитхэм щІигъу къыщІагъэщащ. Абыхэм ящкъ иткІэ, яхуэзымыдэ тхылъу 178-рэ ягъэхьэзыращ. Зыхуэфащэ тхылъу 118-рэ яткати, хэплъа нэужь, цІыхуи 117-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ. Абыхэм ящыщу щыр я Іэнатіэм Іуагъэкіащ, зыкъ административнэ жэуап ирагъэхьащ.

Коррупцэм зэрыпэщІэт пщалъэ-хабзэ акту 1410-рэ зэпкърахащ. Ирагъэкіуэкіа экспертизэм и фІыгъэкІэ, пщалъэ-хабзэ актрэ проекту 243-м коррупцэ нэщэнхэр хагъэкІащ. Коррупцэм зэрыпэщІэт щІыналъэ пщалъэ-хабзэр зэкІэлъыхьауэ ирагъэфІакІуэ. Федеральнэ законодательствэм ирагъэзэгъыжьын папщІэ, республикэм и къэрал властым и Іуэхущ1апІэхэм къыщащта пщалъэхабзэ акту 10 къызэтрагъэувыІащ.

Прокурор къэпщытэныгъэхэм яткІэ иткІэ, следствэмкІэ уголовнэ Іуэху пщыкІуэ къызэІуахащ. Псори зэхэту коррупцэ нэщэнэ зыхэлъ щІэпхъэджагъэу 107-рэ хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм къыщІагъэщащ, 14-р Іуплъхьэм пыщІащ. Щыхэплъэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэху 23-рэ судхэм иратати, 22-р зэхагъэкІащ, цІыху 17 ягъэтІысащ.

ЗэфІагъэкІа лэжьыгъэм къриКІуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокурорым и дежщ щызэхальхьэжащ, апхуэдэу етІуанэ мазищым зэуІуу ирагъэкІуэкІыну кІэлъыплъынигъэ Іуэхугъуэхэр кьащтащ.

Коррупцэ хьэгъэщагъэ зэрахьэу фыщІагъэзэмэ, къэрал, муниципальнэ кулыкъущІэхэм е нэгъуэщІхэм абы зэрыпэщІэт хабзэр ямыгъэзащІэу, къызэпауду гу лъыфІэтэмэ, прокуратурэм и Іэнатіэхэм (360030, КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрам, 16), хъыбар евгъащІэ. Пощт Іэмалкіэ, электрон пощткІэ (prokkbr@mail.ru), зэпымыууэ лажьэ телефонымкІэ (8-866-2-40-45-51), коррупцэм зэрыпэщІэт телефонымкІэ (7-928-083-02-80), апхуэдэу фэ езым фи щхьэкІэ захуэзгъазэ хъунущ.

● Студент гъащІэ

КъБКъУ-м и «Августёнок»-р нэхъыфІу къалъытэ

Ростов щыналъэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Урысей Федерацэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студент лагерхэм я зэІущІэ.

АБы ХЭТАЩ КъБКъУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щІэ щыналъэзэхуаку «Августёнок» еджапІэ лагерым и лІыкІуэхэри.

Ди университетым и студенткэхэу Хьэгъажей Миланэрэ Жьыдзэ хэтащ къызэгъэпэщакІуэхэм я зэхуэсым. ЗэІущІэм къриубыдэу екІуэкІа зэпеуэ-еллъныгъэм и уэрыт абыхэм ирахьащ ди еджапІэ нэхъыщхьэм и «Августёнок» зыгъэпсэхупІэ студент лагерыр 2017 гъэм и гъэмахуэм зэрылъэжьну планымрэ зэфІагъэкІыну Іуэхугъуэхэм я проектымрэ. Ди гуапэ зэрыхъуци, КъБКъУ-м и «Августёнок»-м я проект зэпеуэм япэ увыпІэр къыщІахьащ. Ар хъалытащ «Студент лагерхэр зэрылэжьапхъэм и мардэу».

КъинэмыщІауэ, щІалэгъуалэр яхуэзащ студент лагерым зэрыпэщІэт ІуэхущІапІэхэр нэхъ тэмэму къызэгъэпэщынымкІэ эксперт цІэрыІуэхэм. Зэхуэсым хэта псоми абы щыхьэт техъуэ сертификатхэр иратыжащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Лъэпкъым и къэкIуэнум хуэлажьа Урыс Хьэталий

Адыгэбзэм зегъэужьыным зи гъащIэ псор тыхь хуэзыщIахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэныгъэ, жылагъуэ, щэнхабзэ лэжьакIуэшхуэ, КъБКъУ-м и профессор, УФ-м цIыхуэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Урыс Хьэталий Щыхьым и къуэр. Филологие щIэныгъэхэм я докторыр, егъэджакIуэ гъуэгуанэр, щIалэгъуалэм я ущиякIуэ Iущыр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 95-рэ мэхъу. Езыр яхэмытыжми, Хьэталий бгъдэлъа Iуэху зехьэкIэр КъБКъУ-м и адыгэбзэ кафедрэм и лэжьакIуэ дэтхэнэм и дежкIи ноби щапхъэщ.

УРЫС Хьэталий Щэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм 1922 гъэм накъыгъэм и 2-м къыщалъхуащ. Мэкъумэшыщ1э унагъуэм къыщыхъуа щIалэ цIыкIур къыщIэтэджащ гуащIэдэкI лэжьыгъэм. Къэралыр псэукIэщIэм щыхэзыIэу лъэхъэнэм хиубыдащ абы и сабиигъэр. Жьлэм дэт курыт школым и еджакIуэ Хьэталий щIэныгъэм и гур хуэзIухат, апхуэдизуи жылагъуэ лэжьыгъэмэ дихьэхыр. Фыуэ зэреджамрэ хьэл-щэн дахэ зэрыхэлъымрэ къалъытэри, ар етIуанэ классым щIэсу хагъэхьауэ щытащ абы щыгъуэ цIэрыIуэу щыта пионер зэгуэхэныгъэм. Ебланэ классым щIэсу Хьэталий хагъэхьащ ВЛКСМ-м. Еджэным, жылагъуэ лэжьыгъэм дахэхауэ къэхъу ныбжьыщIэм и гъащIэр нэгъуэщI ищIащ 1941 гъэм къэхъея Хэку заэушхуэм. Ди къэралым и сабий минищэхэм яхуэдэу, Хьэталий школыр кIиутIэнащ икIи гуащIэдэкI лэжьыгъэм пэрыуващ.

Сыт хуэдэ Iуэхуфlми и зэхэублакIуэу, пэрыту къэтэджа щIалэщIэр къуажэм щыIэзэхэт комсомол организацIэм и секретару щытащ зауэ илъэс гугуэхэм, щIалэгъуалэм щапхъэ яхуэхьуу, лжьыгъэм тригъэгушхуэу. Апхуэдэу Хьэталий хэтащ, колхоз правленэм, абы и къэпщытакIуэ гупым я пашэуи лэжьащ. Комсомолец кыджрыми и щIэр мызэ-мытIэу къытехуащ а лъэхъэнэм кыдэкIа район, республикэ газетэхэм. Зауэ зэманым псэемыблэжу фронтым, Хэкум зэрыхуэлэжьащ къалъытэри, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэ къыбгъдэкI Щыхьх тхыльыр. Къэралым, ди республикэм я унафэщIэхэм къабгъдэкIа апхуэдэ гулъытэхэр хуэфащэ дыдэт адыгэ щIалэ жыджэрым.

Колхоз, жылагъуэ лэжьыгъэм гупыдэкIэ хэувами, Хьэталий и гупсысхэм хэлъыр нэгъуэщI Iуэхугъуэт: ар щIэхъуэпсырт курыт школыр кIиутхьэу и щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну. Апхуэдэ Iэмал игъэтащ ди къэралым мамырыгъэр щытепщэ хъужа нэужь. Щколыр кIиззэриуахкIэ аттестатыр 1946 гъэм кIиузыIэрыхьэжа Урыс Хьэталий лъэпощхьэпоунэщу щIэтIысхьащ Къэбэрдей къэрал университутым и филологие кудамэм. Студент илъэсхэр купщIафIэу, жыджэру ирихьэкIащ Хьэталий. Фыуэ зэреджэм къыдэкIуэу, абы факультетым щигъэзащIэт жылагъуэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэри. Курсым и пашэу (старостэу) щытащ Урысыр апхуэдэуи факультетым и комсомол зэгуэхэныгъэм и секретарт. Студент нэхъыфIхэм хабжэу къыкIуэкIащ ар. ЕджапIэм къыщызэрагъэпэщ зэхуэс зэмылIэужьыгъуэхэм я утыкуэм щIэхъыгъуэ къыщыпсалъэрт. Студент илъэсхэм ирохьэлIэ Урыс Хьэталий я ящ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэри.

КПСС-м и ЦК-мрэ партым и Къэбэрдей обкомым и VI пленумымрэ лъэпкъ Iэщ1агъэлIхэр щIыналъэм щыгъэхьэзырыным теухуа унафэ къаштауэ щытащ абы щыгъуэ. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдей къэрал пединститутым и филологие факультетым къыщызэIуахащ урысыбзэмрэ литературэмрэ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ я егъэджакIуэ зэрыхъэр зэрыт дипломхэр. Урысыбзэми анэдэлъхубзэми зэхуэдэу хуэIэзэ хъуа Iэщ1агъэлI щIалэм мурад ищIащ зэфIэкIыу иIэ псори и лъэпкъыбзэм и зыужьыныгъэм ирихьэлIэну. Аращ ар адыгэбзэ кафедрэм и ассистент щIэхъуагъэр.

Адыгэбзэр, лъэпкъ Iуэрыпуагэр, литературэр джыныжмкIэ щIэныгъэ-педагогикэ центр нэс хъуащ, абы щыгъуэ а кафедрэщIэр. А лъэхъэнэм, IэщIыбгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм, ирохьэлIэ адыгэбзэр, лъэпкъ литературэр джыным зи гъащIэр тезыхуэу Iэщ1агъэлI гуп кафедрэм къыщыкIуэр. Хьэталий нэмыщI, абы уваУэ щытащ иужькIэ щIэныгъэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, академик хуэхэрэ яхэту, КIуащ Тамарэ Хьэзрэт и пхъур, Нало Аслъанбечэр Хьэмырзэ и къуэр, ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхьэ и къуэр, нэгъуэщIэхэри. Абыхэм я фIыгъэкIэ дуней щIэхътехьащ адыгэбзэм, литературэм ятеухуа къэхутэныгъэ купщIафIэхэр, апхуэдизу елэжьын щIадзащ бзэм и псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэгъэувэным.

Щ1эныгъэ куурэ Iэкlуэльакlуагъ екIурэ зыхэлъу гу зылъата Хьэталий мыгувэу я кафедрэм егъэджакIуэ нэхъыжьу ягъэуващ. Студентхэм ядгиргъэкIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, абы ерыщу иригъэкIуэкIыр щIэныгъэкъэхутэныгъэхэм я щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ 80-м нэс, монографие 20-м щIигъу абыхэм яхэту, и къалэмыпIэм кIыпыкIащ. Щ1эныгъэ1 зэчиифIэм и щIэм елхащ бзэщIэныгъэм и унэтIыныгъэхэу фонетикэм, грамматикэм, морфологием, синтаксисым ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэ куэд. Урыс Хьэталийщ адыгэ орфографиемрэ нагъыщ1э гъэувакIэмрэ я хабзэхэм я лъабжьэр зыгуэхьауар. Хьэталий елэжьащ и доктор диссертацIэм. «Адыгэбзэ морфонологие» фIэщыгъэр зиIа а лэжьыгъэ цIэрыIуэр Урысым 1984 гъэм хьэзыр ищIащ икIи Щ1эныгъэхэмкIэ куржы академием Бзэщ1эныгъэхэмкIэ и институтым ехьулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ, филологие щIэныгъэхэм я доктор цIэри къыфIащащ. Куэд дэмыкIыу ар хахащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и профессору.

Псори зэхэту къащытэм, Хьэталий илъэс 54-рэ университетым щрихьэкIащ. Абы щыщу 23-м кафедрэм и унафэщIу щытащ. А зэманым абы щылэжьаХэм зэрыжаIэжымкIэ, Урысым и Iуэху бгъдэлъхьэкIэр кафедрэм и Iэщ1агъэлIхэм я гъэзэгуэнгъэлIагъэт.

- Нобэ егъэджакIуэ ешхьэлIауэ бзэ щIэныгъэлIхэм къэдгъэсэбзэн дэфтэрхэм я нэхъыбэр Хьэталийщ зэхэзыльхьар, аращ, зыухуар е зыщIар, - жеIэ КъБКъУ-м и профессор Тау Хьэзешэ. - Къынэмыщ1ауэ, ар еш имыIэу хуэлэжьащ ди къэкIуэнум, нэхъ щIалэхэр игъэсэу, ядэIэпыкъуу, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхущхьэхэр ядилажьэу. Ау, Iэщ1агъэныгъэныракъэ, Хьэталий езым и щхьэ Iуэху зэрыдзэкIыным зэи елIэлIакъым. Абы езым и цIэ жьжьэ игъэIуну зэи хущIэкъуакъым, утыку зэи ихьэрейуэ икIи и ехьулIэныгъэхэм тепсэлъыхьырейуэ щIыттэкъым. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр лъэпкъ бзэщIэныгъэм зегъэужьыныр арат, ар адэкIэ зыгъэкIуэтэфын щIэныгъэлI Iэкlуэльакlуэ иужь къихуэныгъ.

Пэж дыдэу, егъэджакIуэ-гъэсэныгъэ Iэнат1эр зи псэм хэлъ Iэщ1агъэлIхэм ящыщт Хьэталий. Абы студентхэр фIыуэ илъагъурт, еджэну хуейм сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи дэIэпыкъунут, щIэгъэкъуэн, чэнджэщэгъу хуэхъунут. И Iэщ1агъэм хуэIэижь щIэныгъэлI Iэзэр сыт хуэдэ лэжьыгъэми жуаплныигъэ зыхищIэу пэрытт. Абы и унафэм щIэту щIэныгъэм хэша хъуащ лъэпкъыбзэм и зэзэгъныкIэхэм дихьэх куэд.

Лъэпкъым и къэкIуэнум лъэныкъуэ куэдкIэ хуэлэжьа хэкупсэ нэсым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 80-м нэс, монографие 20-м щIигъу абыхэм яхэту, и къалэмыпIэм кIыпыкIащ. Щ1эныгъэ1 зэчиифIэм и щIэм елхащ бзэщIэныгъэм и унэтIыныгъэхэу фонетикэм, грамматикэм, морфологием, синтаксисым ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэ куэд. Урыс Хьэталийщ адыгэ орфографиемрэ нагъыщ1э гъэувакIэмрэ я хабзэхэм я лъабжьэр зыгуэхьауар. Хьэталий игъэхьэзыра икIи къыдигъэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэ цIэрыIуэхэм, купщIафIэхэм ящыщщ «Морфемика адыгских языков», «Орфографический словарь кабардино-черкесского языка», «Адыгэбзэм и тхыдэ», «Адыгэ грамматикэ: Синтаксис, Пунктуацэ», «АдыгэбзэмкIэ практическэ стилистикэ», «Адыгэбзэ орфографиемрэ пунктуацэмрэ я хабзэхэр», нэгъуэщIхэри. А лэжьыгъэшхуэхэм ящыщыдохуэ зэманым ар я щIэныгъэ редакторт адыгэбзэр студентхэм, школлэжьхэм зэрядж тхыльхэм, - пособиехэм, программэхэм, егъэджакIуэхэм я дэIэпыкъуэгъу нэст, чэнджэщэгъу Iущт.

Зыхэт гупым и акъылыфIагъкIэ, бгъдэдэ щIэныгъэ куукIэ къахэщу Iэнат1эр ирихьэкIащ Хьэталий. Урысым хуэдэу ткIийуэ, гъэхуауэ зи Iэнат1эм бгъдэдэ цIыху гъуэтыгъуейт. Абы хуэфащэ дыдэу пщIэшхуэ щиIэт КъБКъУ-м и унафэщIэмии, къыдэлажьэхэми, иригъаджэ студентхэми я дж. «Урысей Федерацэм цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ я гъэзэгуэныгъэхэ щIэхъ зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр 1997 гъэм къыфIащауэ щытащ Хьэталий. Апхуэдэу абы щIэIиха лэжьыгъэшхуэм кьыпэкIуащ щIыхь, фIыщIэ тхыльхэ куэди.

Бзэщ1эныгъэм лъэужьышхуэ къыщыгъэзэна Iэщ1агъэлI щIэныгъэ, лэжьыгъэм и кьыззэгъэпэщащIэу Iэкlуэльакlуэр, къэхутакIуэ Iэзэр, профессор цIэрыIуэр дунейм екIжащ 2004 гъэм. Урыс Хьэталий Хьэшым и къуэм и гъащIэ псор укъыщыхэкIа лъэпкъым пэжу къулыкъу зэрыхуэпщIафынум и щапхъэнэсщ. «Псэхьэлэгъу и лъэпкъым хуэлэжьа цIыхухэм я цIэр бзм зэи ящIигъупщэркъым», - жаIэ. Урыс Хьэталий хуэдэщ а псалъэхэр зыхужаIэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

95 Зи щIыхуэ ттелъ цIыху

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым сыщыщIэса илъэсхэм сезыгъэжьахэм ящыщу зи лэжьыгъэм игурэ и псэрэ етауэ зэрыпэрыта и лъэныкъуэкIэ Урыс Хьэталий хуэзгъэдэну зыкъуэхкIуэ гъэфащэр. Ар и лекцэ ирехъу, е иресеминар, е ирегъуэщI - дапщэщи зы дакъикъи пщIэншэу зэримыгъэкIуэдыным, студентхэм Iэмал зэрилэкIэ щIэныгъэ нэхъыбэ зэрабгъэдилъхьэным хущIэкъуу и Iэнат1эм бгъэдэтт ар. Аудиторэм Iуэхур апхуэдэу тэмэму щебгъэкIуэкIын щхьэкIэ, абы зыхуэбгъэхьэзырыным зэманрэ хэбгъэкIуэн хуейм и куэдагъыр гурыIуэгъуэщ. Абыкlэ зыщымысхьыж цIыхуэт Хьэталий.

БЗЭЩIЭНЫГЪЭМ удихьэхыу, абыкIэ зыгуэр пхуэзэфIэкIыну гу льитамэ, жэщ-махуэ жимыIэу ябгъдэлэжьэнут, хуэзфIэкI псомкIи зыкъыпщIигъакъуэу. Урысхэм я псэльафэр къэзгъэсэбэпынщи, хьэрфышхуэкIэ къригъажьэ Егъэджакlуэт ар. ЕгъэджакIуэ нэсым зэрихьэлуи, ар дэ къызэрыхущытым нэфI-ней лъэпкъ хэлъэкъым, студентэр абы «зэрызэхидзыр» еджэ-емыджэ, егупуу-емыгугъу жиIэут. Щхьэхьэнэм яхуэпхъашэт, арщхьэкIи къыхсхуэщIэжькIрым и макъым зэгуэр зэригъэIэтауэ, гуемыIу псалъэ къыжьдэкIауэ - дапщэщи а зэрызэпIэзэрытым хуэдэт, ауэ пщIэн хуейр зумыгъэщIамэ, зумыгъэмтетэкъым абы зэзэрыфIэкIын нэгъуэщI Iэмал.

Я щIэныгъэкIэ хъарзынэу гъэпсэщу адыгэбзэм хуэзыгъаджэ Iэщ1агъэлI ди республикэм мымащIэу зэрисыр псом нэхърэ нэхъапэу икIи нэхъыбэу зи фIыщIэхэм ящыщщ Урыс Хьэталий. Абы и кьаранэхэр зэпхауэ щытар езым ирегъэдж предметхэм я закъуэтэкъым: адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу зэрыщыта илъэсипщI бжыгъэкъым абы и нэIэм щIэтащ адыгэ-рыус къудамэм щIэс студент псомии я егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхур тэмэму къэзгъэпэщынырэ, егъэкIуэкIынырэ. Жьпп1э хъунущ а къулыкъур Хьэталий ипэкIи иужькIи апхуэдэу псэемыблэжу икIи екъулIэныгъэ хэлъу зыми зэримыхьауэ.

Адыгэбзэми адыгэ лъэпкъми я пащхьэ Урысым щIиI фIыщIэхэр абы и зэхьэкIыным. Хьэталий лжьыгъэшхуэ зэфIихаущ бзэр зэрыгъаращ тхыльхэр зэхэгъэувэнымкIэ. Курыт школхэм я 6 - 9-нэ классхэм адыгэбзэр лIащIыгъуэ ныкъуэм щIигъауэ зэрыщыджыр а щIэныгъэлI щыпкъэм и къалэмыпIэм къыпыкIауэ щыта тхыльхэщIыгъакъуэу. Урысхэм я псэльафэр къэзгъэсэбэпынщи, хьэрфышхуэкIэ къригъажьэ Егъэджакlуэт ар. ЕгъэджакIуэ нэсым зэрихьэлуи, ар дэ къызэрыхущытым нэфI-ней лъэпкъ хэлъэкъым, студентэр абы «зэрызэхидзыр» еджэ-емыджэ, егупуу-емыгугъу жиIэут. Щхьэхьэнэм яхуэпхъашэт, арщхьэкIи къыхсхуэщIэжькIрым и макъым зэгуэр зэригъэIэтауэ, гуемыIу псалъэ къыжьдэкIауэ - дапщэщи а зэрызэпIэзэрытым хуэдэт, ауэ пщIэн хуейр зумыгъэщIамэ, зумыгъэмтетэкъым абы зэзэрыфIэкIын нэгъуэщI Iэмал.

Я щIэныгъэкIэ хъарзынэу гъэпсэщу адыгэбзэм хуэзыгъаджэ Iэщ1агъэлI ди республикэм мымащIэу зэрисыр псом нэхърэ нэхъапэу икIи нэхъыбэу зи фIыщIэхэм ящыщщ Урыс Хьэталий. Абы и кьаранэхэр зэпхауэ щытар езым ирегъэдж предметхэм я закъуэтэкъым: адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу зэрыщыта илъэсипщI бжыгъэкъым абы и нэIэм щIэтащ адыгэ-рыус къудамэм щIэс студент псомии я егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхур тэмэму къэзгъэпэщынырэ, егъэкIуэкIынырэ. Жьпп1э хъунущ а къулыкъур Хьэталий ипэкIи иужькIи апхуэдэу псэемыблэжу икIи екъулIэныгъэ хэлъу зыми зэримыхьауэ.

Ипэкlэ жысIа псоми къокI адыгэбзэр егъэджаныным практикэ и лъэныкъуэкIэ хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хуэзыщIауэ диIэр Урыс Хьэталийуэ зэрыщытыр. Адыгэбзэм и псалъэ къэхъуIэжьм ятеухуауэ Хьэталий и къалэмыпIэм къыпыкIауэ щыта тхыльхэщIыгъакъуэу. Мы гъэщIэгъэнкIи уризэгуэмыпынкIи Iэмал иIэхъым е егъэджэныгъэмкIэ, е щIэныгъэмкIэ республикэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэр льамыгъэсу ар дунейм зэрехьэкар. Акъыл зиIэ, и лъэпкъыр фIыуэ зыльагъу щIэныгъэм адыгэм и дежкIэ нэрылъагъуэ Урыс Хьэталий ар къытхэкIа цIыху щэджащэхэм зэращыщыр. Абы щIыхуэ абы къызытиракъым, ауэ дэ, шэч хэлъкъым, абы и щIыхуэ ттелъщ. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, зэи сщыгъупщэнкъым бзэ щIэныгъэм хэсча япэ лъэбакъуэр, «Щоджэнц1ыкIу Алий и бзэм зэ щIэныгъэныгъэхэр» диплом лэжьыгъэр, Хьэталий и кIэнат1эм сыщIэту стхауэ зэрыщытар. А Iэщ1агъэм абы сыхишауэ, сыдригъэхьэхауэ щымытамэ, нэгъуэщI Гъэгу къыхэсхынри хэлът. Апхуэдэу а лIым зэфIигъэкIар мащIэкъым.

Адыгэ лъэпкъым зи гъащIэр щхьэзыхьэ хуэзыщIа Урыс Хьэталий и цIэр тщымыгупщэным, и щIыхьыр тIэту дыпсэуным дыхущIэвгъэкъу.

БИЩIО Борис,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

ЩIэныгъэлI щыпкъэ

Уэщым и хабзэр аращ зэрыщытри, зыр дунейм къытохьэ, адрейр токIыж, ауэ мыкIуэдыжыну къанэр абы и Iэрыщ1-IэрыкIырщ. Илъэс куэдкIэ адыгэбзэм елэжьа Урыс Хьэталий иджыпсту къытхэмытыжми, курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм абы яхуигъэхьэзыра къыщыгъэсэбэп.

«КЪЭБЭРДЕЙ-шэрджэсыбзэм хэт плъыфэщIэхэр» зыфIица кандидат диссертацэр 1956 гъэм илъэс щIэныгъэ лэжьыгъэ хуэхъуащ Хьэталий. Нобэр къыздэсым адыгэ бзэщIэныгъэм и дежкIэ купщIэшхуэ зиIэу щытщ Урысым и «Адыгэбзэ морфонологие» доктор диссертацэри, ар 1984 гъэм пхигъэкIащ.

Дэтхэнэ зы щIэныгъэлIми егъэджакIуэми дежкIэ нэхъыщхьэу щытыр езым ищIа, хуэфIэкI псори иригъаджэхэм ябгъдилъхьэнырщ. Адыгэ бзэщIэныгъэм зегъэужьыныр, адыгэ грамматикэр ипэкIэ гъэкIуэтэныр щIэныгъэлI нэсым и хъуэпсапIэт.

Щ1эныгъэ лэжьыгъэу, тхыльэ щхьэхуэу Урыс Хьэталий къытрыригъэдзаxэм хуэдиз иджыри зыхуэмылажьа щIэныгъэ лэжьыгъэ Iуэхущ1апIэ щыIэнкIи мэхъу.

Бэрбэч Хьэтlутlэ и щIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Урыс Хьэталий и щIэныгъэ лэжьыгъэкIэ студент-хэм папщIэ щIэрыщIэу къытримыдзэжу илъэс щIагъэу дигъэкIыркъым нобэр къыздэсым.

КЪАРДЭН Мусэдин,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и адыгэбзэ кафедрэм и унафэщI.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

Емызэш мэшыбэ ещIэ

Адыгэбзэм зегъэужьыным зи гъащIэ псор тыхь хуэзыщIахэм ящыщщ Урыс Хьэталий. Абы адыгэ бзэщIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм и инагъымрэ къыдигъэкIа тхылъхэм мыхьэнэуэ яIэмрэ зэхэзымыщIа адыгэбзэм ирилажьэу къыщIэкIынукъым. «Емызэш мэшыбэ ещIэ» зыхуэжаIэ цIыхум хуэдэу дунейм тетащ Хьэталий. Адыгэ бзэщIэныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм тхылъ зырыз тритхыхьыж хуэзфIэкIащ абы. Курыт школым щIэсхэр зэредкIэм тхылъхэр тхыгъэ ящыгъ. Щ1эныгъэ университетым щылажьэ егъэджакIуэхэмии пащIэ лажьыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ.

СИ щхьэкIэ нобэр къыздэсым срогушхуэ апхуэдэ цIыху щыпкъэм сригъэджауэ зэрыщытым, адыгэ гъэсэныгъэм и упчIэжьым щхэ псорэ зэрызэпсалъэрт, адыгэбзэм и мызакъуэуи, абхъаз-адыгэ бзэ гупым къакIуа Гъэгуанэм и тхыдэм кууэ сызэрыщигъэгъуэзам. Хьэталий хуэдэ бзэщIэныгъэлI пажэм илъэс куэдкIэ сызэрыдгъэлэжьари, си къэхутэныгъэ я лжьыгъэхэр згъэгъэсыжьыну ар гъэгуэгъэльагъуэр сызэриIари си напщIэм телIащ. Сыщыдэлажьа зэманми, студентхэм хуэдэу, Хьэталий къыздэдж лекцэ купщIафIэхэм, аудиториием сыщIыхьэрэ, щIэх-щIэхьыурэ седаIуэу щытащ. Лекцэ нэужьым сыбгъэдыхьажрэ, зи гугъу ищIа бзэхабзэ Iуэхугъэхэм дытепсэльыхьыжьырт. Хьэталий ущигъаджэкIэ ткIийт, ауэ лекцэ нэужьым езым уепсэльэну тыншт. ЦIыху гъэщIегъуэнт, псэльэгъу Iуэхуэдэжт, языныкъуэхэм дежи уи фIэщ мыхьэжу (псалъэ лей жимыIэу дунейм зэрыштетым къыхэкIыу), дахэуи гуащIэфырт ар.

Хьэталий бзэщIэныгъэм елэжьу, ар иригъэджу щытами, ди лъэпкъ литературэми фIыуэ щыгъуазэт, адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Iэдакъэ щIэкIхэм якIэльыплIу, и нэIэ тету апхуэдэт. Псальэуэра ухуэкIэ гъэщIегъуэн гуэр абыхэм я Iэдакъэщ1экIэм щрихьэлIэмэ, къыхихтхыкIырт, псальэкIэм псальэуэрам щаIэ зэкIэльыкIэхэр зригъэльагъурт, жыIэкIэ гуэрхэм гу льитамэ, карточкэ ищIырт, абы иIэ щхьэхуэхэм гъэхэр иубзыхурт. Псом хуэмыдзу, Хьэталий, къэрандащ иIыгъыу, щIиджьыкIырт Къашырыгъэ Хьэпащ1э, Кlэрашэ Тембот, Щоджэнц1ыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ я тхыгъэхэр, игу ирихьа псальэуэра щIэщыгъуэхэр щIитхъэрт, абыхэм щагъэуба нагъыщэхэм кIэльыплъырт. Куэдрэ жиIэрт Къашырыгъэ Хьэпащ1э и тхыгъэхэм я бзэр къулейуэ, шэрыуэу икIи апхуэдэ псалъэуэхэр я тхылъым иритхэрти, бзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ щыIэзэгъэ ирихьэрт.

Хьэталий и яп1э тхылъыр 1953 гъэм къыздэкIауэ щытащ, «Адыгэбзэ (3 класс)» жиIэу. Иужькlэ абы къыкlэлъыкlуащ къэбэрдей-шэрджэс литературэбзэм и Iуэхугъуэ куэдыр кууэ щызэпкърыха тхылъ тIощIым нэс. Абыхэм ящыщщ курыт еджапIэм зэрыщыгъэжа «Адыгэбзэ» тхылъхэр, «Орфографиемрэ пунктуацэмрэ я хабзэхэр» (1963), «Адыгэ тхыбзэм и тхыдэ» (1968), «Морфемика адыгских языков» (1980), «Орфографическэ псалъалъэ» (1982), «Адыгэбзэ морфонемикэ», «Адыгэ грамматикэ (синтаксис, пунктуацэ)» (1994), «Адыгэбзэмрэ адыгеибзэмрэ зэлъытауэ» (1995), «Адыгэбзэм и тхыдэ» (2000), «Адыгэбзэ грамматикэ (фонетикэ, морфонемикэ, морфологие)» (2001), «Адыгэбзэм и практическэ стилистикэ» (2002), «Адыгэбзэ пэжыыпхтэмрэ нагъыщэ гъэувакIэмрэ я хабзэхэр» (Налшык, 2005), нэгъуэщIхэри. Зи гугъу тщIа лэжьыгъэ псоми адыгэбзэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ, кьаIэн пыухыкIаи ягъэзащIэ, ауэ ахэр псори нобэ къедбжэкIыфынкъым. Апхуэдэу щытми, кьыхэдгъэщыну дыхуейт 1994 гъэм Урыс Хьэталий ди пащхьэ къриплъха «Адыгэ грамматикэ (Синтаксис, пунктуацэ)» зыфIица тхылъ гъэщIэгъуэныр. ЗанщIэу жытIэнщи, адыгэ синтаксисым и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр щызэпкърыха лэжьыгъэщ мыр. Абы Iупщу арэзы укъыщIу кьыщыгъэльэгъуа хъуащ адыгэ синтаксисым кьызэщIиубыдэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр: псалъэ зэпхам и синтаксис, псалъэуэра кьызэрыкIуэм и синтаксис, псалъэуэхам и пкьыгъуэ нэхъыщхьэхэм я терминхэр (подлежащэ, сказуемэ: сказуемэ кьызэрыкIу, сказуемэ зэхэт, сказуемэ зэхэлъ; цIэ-сказуемэ, глагол-сказуемэ, н.), псалъэухам и пкьыгъуэ етIуанэ кьэзыгъэльагъуэ терминхэр (дополненэ, определенэ, обстоятельства), мурад елъытауэ псалъэуэра лIэужьыгъуэхэм яIэ фIэщыгъэщIэхэр (зэрыауатэ, зэрыкупщIэ, унафэ, хэлъткIа, фIэфIыныгъэ), пкьыгъуэ зы фIэкIа зи мыIэ псалъэуха кьызэрыкIуэхэм я фIэщыгъэщIэхэр (щхьэ белджылы зиIэ псалъэуха, щхьэ мыбелджылы зиIэ, щхьэ зимыIэ, инфинитив, цIэиIуэ, эллиптическэ), цIэ гъэпсыкIэмрэ причастнэ гъэпсыкIэмрэ яIэ щхьэхуэзыкIыгъэхэр, подлежащэм и формэхэм тещIыкIыжу псалъэуха я конструкцIэхэм кьызэщIаубыдэ терминхэр, пкьыгъуэ пыщхьэхуKIа зыхэт псалъэухахэм я фIэщыгъэщIэхэр, псалъэуэра зэхэлъым и синтаксис, нэгъуэщIхэри. Зи гугъу тщIы тхылъым кьыбгъуэтэнур синтаксисым ехьэлIа упщIэхэм я зэкьуэкIым, атIэ кьэбгъдэй-шэрджэс нагъыщэхэмрэ абыхэм я гъэувакIэмри увыпIэ хэха щаубыд мы тхылъым. Псалъэм папщIэ, абы кьыщыгъэльэгъуащ, точкэрэ запятойрэ, точкитI, точкэ куэд, тире щагъэуфэ хабзэм и орфограммэхэр.

Адыгэбзэм хуатха грамматикэхэм ущрохьэлIэ кьэхуэ, зэхуэмыдэ хъуа Iуэхугъуэ гъэрэмкIэ зэтемыхуэ еплъыкIэ зэрыщыIэм, бзэм и хабзэхэр джыныр гугъу кьащIу. 2001 гъэм Хьэталий кьыдигъэкIа «Адыгэ грамматикэ (фонетикэ, морфонемикэ, морфологие)» тхылъым фонетикэмрэ морфологиемрэ теухуа Iуэхугъуэ куэд, арэзы укъыщIу щызэпкърыхаш икIи нэхъапэкIэ нэгъуэщI щIэныгъэлIхэм ятхахэм темыхуэу, езым иIэ, нэхъ тэмэму кьиныIэтэ еплъыкIэ куэд кьыщIохьащ, псалъэм папщIэ, дызытепсэлъыхь тхылъыр кьыдэкIыхукIэ, адыгэбзэм елэжьа щIэныгъэлIхэм я гъэзэгуэныгъэ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ унэтIыныгъэхэм кьыхина лъэужьыкIыр адыгэм адыгэу зильытэжьхуу хэмыгъуэщжынщ.

УНЭIIОКЪУЭ Вячеслав,
филологие щIэныгъэхэм я кандидат, доцент.

Щ1эныгъэ1 щыпкъэ
Емызэш мэшыбэ ещIэ

«ДжэгуакIуэ» театрым и япэ илъэситхур

● Гъуазджэ

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм IутIыж Борис и цIэр зезыхьэ и «ДжэгуакIуэ» цIыхубэ литературэ театрыр Налшык къалэм и курыт еджапIэ №32-м щолажьэ. Абы и артист ныбжьыщIэхэм иджыблагъэ згъэлъэгуащ илъэсым къриуфыбдзу зыхунэсахэр. Зэхьыхьэр иригъэкIуэкIащ Йуаз Данэ.

КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ТхьэзэплъыжИслъам Литературэ театрыр къызэрызэригъэпэщ мы гъэм илъэситху мэхъу, езы студиер илъэс пщыкIутху ирокъу.

Артист ныбжьыщIэхэм удихьэхыу утыку кърахьащ Щоджэнщ!ыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм, Лермонтов Михаил и «КIуэрыкIуэсэж» бгырыс хъыбарым, сабий тхакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ Чуковский Корней и «Тараканище» тхыгъэм кыт-ращIыкIа спектаклхэр. Апхуэдэу гъэхуауэ къеджащ Мэшбащ!э Исхьэкъ и «Ридадэ», «Убыххэр» усэхэм. Уримыгушхуэн плъэкIыртэкъым спектаклхэм хэта еджакIуэхэу Мэкъуауэхэ Каринэрэ Елдаррэ, Бэлагъы Беллэ, Апажэ Лилианэ, КIэш Астемыр, Шэрхъ Мухьэмэд, Гъэныбэ Тамерлан, Шэбэз Вадим, Бэрбэч Амырхъан, Кумыщ Аслъэн сымэ я зэфIэкIым, я утыку итыкIэм, я зыIыгъыкIэ екIуэм, фэилъхьэгъуэхэмкIэ зэрызэпэщыкI. НыбжьыщIэхэм адыгабзэр дахэу зэрагъэшэрыуэмрэ ягъэзащIэ ролхэр къаз-рехъулIэмрэ удахьэхырт, я утыку итыкIэм узэрызы-Iэпишэр абы хэплъхьэжмэ, мы цIыхубэ литературэ театрым мыхьэнэшхуэ зэриIэр гурыIуэгъуэщ.

Гъэлъэгуэныгъэм кърихьэлIахэм хъыкагъэщащ театрым и артист ныбжьыщIэхэм илъэсым къриуфыбыдзу зэлэжьахэр гунэс зэращыхъуар, къаз-рехъулIар, IутIыж Бо-рис и цIэр зезыхьэ цIыхубэ литературэ театрым и фIыгъэкIэ республикэ гъуазджэм хэлъхьэныфIэфI хуэзэщIыж щIэблэ къызэрытщIэхъуэр. «Джэгуакуэ» студием къеКIуалIэхэм я унафэщI **ТхьэзэплъыжИслъам** абыхэм фIыщIэ хуащIащ утыку жиIащ «Джэгуакуэ» цIыхубэ литературэ театрым и артистхэм «Мадинэ» поэмэм къытращIыкIыу ягъэува спектаклыр нэхъыфIу къызэралъытар. Бейтыгъуэн Iэуес ТхьэзэплъыжИслъам хуигъэфэщащ Дунейпсо Арткомитетым къыбгъэдэкI дыщэ медалымрэ «Урысей лъэпкъ артиадэм и лауреат» щIыхьыщIэмрэ. Апхуэдэу Тхьэзэплъыжым и гъэсэнхэм яритыжащ зэпеуэм и лауреат зэрыхъуам щыхьэт техуэу щIыхь тхыльхэр. Бейтыгъуэным школым и унафэщI Блэныхь Къазбэчи псалъэ гуапэхэр хужIащ икIи япэ дыдэу Iуащ!эмахуэ дэкIа Хъэсыбэ Чылар и цIэкIэ ягъэува дыщэ медалыр хуигъэфэщащ, «Джэгуакуэ» гупым дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъум папщIэ.

Адыгэ студиеу къызэрагъэпэща мы театрыр и кьалэнхэм хъарзынэу йохъулIэ. «Джэгуакуэ» театрым зи цIэ зэрихьэ тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ Iутыж Борис и тхыгъэхэм гулыIэтэ хэха хуащI, абы и «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Эдип» пьесэхэр ягъэуващ.

- Дыдэжьэн папщIэ Iэмал псори мы курыт еджапIэм дыщIэщ: репетицэ щедгъэкIуэкIын пэши, къыхыщыдгъэлъэIэгъуэн утыкуи. Театр студиер къыщыззэгъэпэщагъащIэм си гъэсэну щыта, мы школым и унафэщI Блэныхь Къазбэч куэдкIэ къыддоIэпыкъу, - жеIэ ТхьэзэплъыжИслъам. - Ныбжьыщ!эхэм я псэльэкIэм, я жьэнахуагъэм зегъэужьыным соIаIэ. Ар зэбгъэхъулIэныжкIэ Iэмалыфщ къыпсалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр, псынщIэрыпсалъэхэр. Куэд елыташ артистхэр зэхэщIыкIыгъуэу псэлъэным, и гъуэм едэIуэфу, абы жэуап иритыжьфу утыку итыным. Араш адыгэ студиеу кьызэдгъэпэща мы театрым и кьалэн нэхъыщхьэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ*.

Шемякиным и гъатхэ

Урысейм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм я цIыхубэ сурэтыщI, скульптор цIэрыIуэ Шемякин Михаил и цIэкIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Шемякиным и гъатхэ» VII фестивалыр щекIуэкIащ Налшык и «Акрополь» щэнхабзэ-нэгуэныжь Iуэхущ!апIэм.

ФЕСТИВАЛЫР къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэм, «Урысейм и сурэтыщIхэм я зэгухьанысгъэ» урысейпсо Iуэхущ!апIэм и республикэ къудамэм, КъБКъУ-м тхыдэмкIэ, филологиемрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и институтым, Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и кьэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым. Ар кьэхалъхьащ Шемякин Михаил и лэжьыгъэхэр щIэблэм ирагъэлъагъун, щэнхабзэм, гъуазджэм зэфIэкI щызиIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ къагъэнIуэн мурадкIэ.

КъБР-м и Сурэтыщ!хэм я зэгухьанысгъэм и тхьэмадэ, фестивалым и кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI **Темырканэ Геннадий**, Налшык кьалэм Гъуазджэхэмкlэ и сабий школ №1-м и унафэщI **Темырканэ Людмилэ**, КъБКъУ-м тхыдэмкIэ, филологиемрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и институтым и декан, артист, пародист **Дым Елдар** сымэ зэхьыхьэм зи зэфIэкI щеплъыжа ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ дяпэкIи ехъулIэныгъэ, дэрэжэгъуэ яIэну, цIыху нэс, цIэрыIуэ хъуну. Абыхэм кьыхагъащащ гъэ кьэс кьызэрагъэпэщ фестивалыр республикэм и гъуазджэ, щэнхабзэ махуэшхуэ зэрыхъуар, кIуэ пэтми абы нэхъри зиубгъу, щIэщыгъуэу кьызэрекIуэкIыр.

Фестивалыр унэтIыныгъэ зыбжанэу зэщ!ыщ!ыхат. Апхуэдэхэт сурэтыщI гъуэз джэр, макъамэр, усыгъэр, журналистикэр. Абы хэта ныбжьыщIэхэм Iэмал яIащ ая унэтIыныгъэхэм щаIэ зэфIэкIхэр къагъэлъэгъуэну. Кьыхэжанык!ахэмрэ пашэ хъуахэмрэ фестивалым щагъэлъэпIащ. Щ!ыхь тхылъхэмрэ кубокхэмрэ зыхуагъэфащ!ахэм иратыжащ.

Зэхьыхьэм кьрихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ фестивалым хэта уэрэджьыкIуэ, кьэфакIуэ ныбжьыщIэхэм.

БЖЬЫХЬЭЛI Роззэ.

● Хъуэхъу

Налшык къалэм щыпсэу ЦIыпIынэ Амырхъан TIалэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъури, дохъуэхъу

Амырхъан 1942 гъэм накъыгъэм и 17-м Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Малкэ (Ашэфей) къуажэм щыщалъхуащ. Абы и адэр зэи илъэгъуакъым, ар «зауэм и бынхэр» жьыуаIэхэм ящыщщ. Ауэ ар гугъуехьхэм къызэфIамыгъащIэу гъащIэм лъэ быдэкIэ щыуващ. Iэщ!агъэкIи, лэжьыгъэкIи, цIыху хэтыкIэкIи щапхъэщ.

АМЫРХЪАН КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетыр къиухащ. ЩIалэ жаныр комсомол, парт секретарь щытащ, Шордакъ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщIу лэжьащ. ЦIыпIынэ Амырхъан «Iущхьэмахуэ» кольхозым (Шордакъ къуажэ) къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр щрихьэкIащ, уеблэмэ, зы зэманкIэ щытащ абы и унафэщIу.

Амырхъан «Адыгэ псалъэ» лъэпкъ газетым кьатхэу щытащ лэжьакIуэ пэрытхэр игъэгушхуэн, ахэр щапхъэу игъэльэгъуэн папщIэ.

ЦIыпIынэ Амырхъан щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд кьыхуагъэфэщащ, мэкъумэш Iэнатlэр егъэфIэкIуэным, щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным и гуащIэ зэрыхэлъым папщIэ. 1968 гъэм Амырхъан кьыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр.

ПщIэ зыхуэтщI, дызэрыгушхуэ нэхъыжьыфIым, адэм, адэшхуэм, жьыми щIэми ди чэнджэщэгъуэм, ущиякIуэм уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу! Уи жьэгур уардэунэу, уи Iэнэгур берычэту, уузыншэу, гукъыдэж уиIэу, уи щхьэгъусэ Зое къыпкъуэту, гъащIэм и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу, уи бынхэмрэ абыхэм къатепщыкIыжьажэмрэ я екъулIэныгъэм, насыпым уи лъэр щIагъэкIыу упсэуну ди гуапэщ. Тхьэм къэдрэ укъытщхьэщигъат.

ПщIэ къыпхуэзыщI уи ныбжьэгъуэхэр, уи бынхэр, нысэхэр, малъхъэхэр, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр, благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

● Бэнэкlэ хуит

Мухьэдин-хьэжы и щIыхькIэ

Балъкъэр Ипщэм щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ республикэ зэхьэзэхуэ зэIуха. Илъэс къэс къызэрагъэпэщ зэхьыхьэр хухахащ къуажэм и нэхъыжьыфI, жылагъуэ лэжьакIуэ пашэ Циканов Мухьэдин-хьэжы и саугъэтыр къэхьыным.

МАХУИТIЫМ кьриубыдзу спорт комплексым и алэрыбгъум утыку кьыщыхьащ 2003 - 2008 гъэхэм кьалъхуахэу Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Къэрэшей-Щэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дон Iус Ростов я спортсмен 400-м щIигъу.

Зэхьэзэхуэм хэтыну-хэмрэ еплъыну къекIуэлIахэмрэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ Циканов Мухьэмэд-хьэжы, Шэрэдж щIыналъэ администрацэм и Iэтащ-хьэ Муртазов Борис, КъБКъУ-м и ректор Алъту Юрий, алыдж-урым бэнэкIэмкIэ олимп чемпион, КъБР-м и Парламентым и депутат Кьардэн Мурат, КъБР-м Спортымкlэ и министрым и кьуэдзэ Анаев Аслъэн, зэпеуэм и спонсор нэхъыщхьэ, РСП-М ООО-м и генеральнэ директор Циканов Мухьэмэд, къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Табаксоев Камал сымэ. Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэу щытащ Мисиров Елдар.

Зэпэщ!этыныгъэ гуащIэхэм щыбэна гупхэм ди республикэм щыщу пашэ щыхъуащ Хасауов Расул (кг 58-рэ), Карчаев Азрэт (кг 36-рэ), Хэжь Аскэр (кг 38-рэ), Жыласэ Рустам (кг 32-рэ), Кьэжэр Рустам (кг 46-рэ), IутI Мурат (кг 50), Маргъущ Жэмал (кг 54-рэ), Кьэжэр Ислъам (кг 31-рэ).

Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIэхэмрэ щIыхь тхылъхэр, кубокхэмрэ ахъщэ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ. Къызэрэпэщащ кIуэхэм зэIущIэхэр езыгъэкIуэкIа судьяхэм тыгъэхуащIащ тхьэмахуэкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ и хьэщIэщхэм зэрызыщагъэпсэхуну сертификатхэр.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Интернетымрэ щIалэгъуалэмрэ

● Зэхьхьэхэр

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэмрэ «Шэрджэс ренессанс» жылагъуэ зэгухьанысгъэмрэ къызэрагъэпэща щIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным хуэгъэпса «Интернетымрэ щIалэгъуалэмрэ» турнирыр Арщыдан къуажэм дэт 3-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэкIэ иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭМ кьрихьэлIат КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэмкIэ и кьудамэм и унафэщI **Табыщ Мурат**, КъБР-м и Парламентым и щIалэгъуалэ палатэм и унафэщI **Гугъуэтыж Ахьмэд**, Лэскэн щIыналъэм щIэныгъэмкIэ и управленэм и Iэтащхьэ **Хьэщ!элI Жанна**, «Шэрджэс ренессанс» зэгухьанысгъэм и лIыкIуэ Мырзэ Азэмэт, курыт школым и директор Мэшыкъуэ Радимэ, 8-10-нэ классхэм щIэс еджакIуэ хэтхэм я мызакъуэу, хьэщIэу кьебгъэлъагъэхэми. Иджырей гъащIэм интернетым щыубыд увыпIэм, абы фIагъэуу кьихьыжрэ цIыхум и узынщагъэ и лъэныкъуэкIэ зэранигъэу кьишэжрэ теухуауэ яIэ гупсисэхэр щапхъэкIэ щIагъэбыдэжурэ кьыжаIащ гупитIу гуэша хъуа сабийхэм. КъыхэгъэщIапхъэщ еджакIуэхэм гъэхуауэ, шэрыуэу, зэхэщIыкIыгъуэу адыгэбзэкIэ жэуап зэратар.

Зэпсэльэныгъэм и кIэм деж кьыхагъэщащ нэхъ жьакIуэу жэуап зытахэр, эксперт-аналитик нэхъыфIхэр. КъыхэжаныкIахэр ЩIалэгъуалэ палатэм и щIыхь тхылъхэмрэ «Шэрджэс ренессанс» жылагъуэ зэгухьанысгъэм къыбгъэдэкI тхылъхэмкIэ ягъэлъэпIащ. Апхуэдэуи Котляров Виктор зэIущIэм хэта дэтхэнэ зы еджакIуэми тыгъэу тхылъ риташ.

Сурэтри тхыгъэри
ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ *ейщ*.

КIэух зэIущIэм къыщыхагъащIэ

● Баскетбол

Налшык дэт гимназие №94-м и баскетбол командэр мы гъэм аргуэру щыджэгуащ «Покобаскет-Щхол Лигэ» зэхьэзэхуэм и финалу Дон Iус Ростов щекIуэкIам. Нэгъаби хуэдэу, налшыкдэсхэм кIэух зэIущIэм хьэрхуэрэгъу къащыхуэхьащ Дон Iус Ростов и гимназие № 36-м и командэр.

ЗЭПЭЩIЭТЫНЫГЪЭР хэгъэрейхэм жыджэру кьыщIадзащ. Псом хуэмыдэу убыдыпIэншэт и командэм япэ очкоихыр кьыхуэзылажьа Шопен Андай. Абы и Iэзагъым и фIыгъэкIэ гимназие №36-м и баскетболистхэр зэIущIэм и япэ Iыхьэм 21:8-уэ щытекIуэу ихащ.

ЕтIуанэ Iыхьэ IмакIэм джэгум и екIуэкIыкIэм зэхъуэкIныгъэшхуэ хилъхьаныкIым. Ростовдэсхэр ебгъэрыкIуэ зэпытт. Хэгъэрейхэм ящыщ Глущенкэ Никитэ жьыжьэу щыту иридза топхэм я фIыгъэкIэ зэщ!ыщыкIыныгъэр 45:16-м нэсауэ командэхэм загъэпсэхуну икIащ.

КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэхэмэ зэпэщ!этыныгъэм и щытыкIэм зихъэжакъым. КIэух бжыгъэр 86:51-уэ зэIущIэм текIуэныгъэр хэгъэрейхэм кьыщ!ахьащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ!эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ!Иэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КьыдзыгъэкIэжьмрэ редакцэмрэ я хэщ!апIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ!апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщ!этэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зыгъаIэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыкъэзыгъэзэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ!апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Заиндэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Замирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Инн**э *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 Тираж 3.721 ● Заказ №596